

Rezime Egzekitif

Dokiman plan patisipasyon piblik, Pwogram Patisipasyon Piblik, Òganizasyon Planifikasyon Rejyon Metwopolitèn (MPO: Metropolitan Planning Organization) nan, ki konpoze ak divès aktivite sansibilizasyon ke MPO a angaje ladan yo pou asire ke yo bay tout manm piblik la yo—ki enkli popilasyon yo dekri kòm moun sistèm transpò a mal sèvi yo epi / oubyen ki manke aksè nan pwosesis pou pran desizyon yo—opòtinite pou patisipe nan pwosesis planifikasyon transpò metwopoliten an ki fasone rejyon Boston nan.

Plan sa bay enfòmasyon sou aktivite sansibilizasyon MPO a angaje ladan l yo, e fason divès manda federal ki gen rapò ak dwa sivil antre nan aktivite sansibilizasyon yo pou asire patisipasyon ki enklizif. Plan an genyen ladan l, deskripsyon an pwofondè de divès fason piblik la ka enplike, planifikasyon transpò a ak pwosesis pwogramasyon an, ak rankont ak aktivite MPO yo. Sa ki kouvri tou se orè angajman piblik anyèl la pou twa dokiman sètifikasyon MPO yo: Plan Transpò Alontèm, Pwogram Amelyorasyon Transpò (Transportation Improvement Program, TIP), ak Pwogram Travay Planifikasyon Inifye a.

Mizajou sa reflekte chanjman resan nan teknoloji enfòmasyon ak komunikasyon ak pratik patisipasyon piblik yo, ak yon chanjman nan peryòd revizyon piblik pou TIP a de 30 a 21 jou.